Дударов Д. Т.

# Синмогӏа

Джамал Дударов

# Синмог1а

«Автор»
2026

**Дударов Д.**

Синмог1а / Д. Дударов — «Автор», 2026

Стихотворения на чеченском языке - рубаи и прочие. Народные предания и легенды, философская, гражданская и любовная лирика.

© Дударов Д., 2026
© Автор, 2026

# Содержание


| | |
|---|---|
| Таймасха. 1832 шо | 5 |
| Суьйр-Корт. Чиллан-бутт. 1807 шо | 10 |
| Барзо биъна дуй(Халкъан дийцар) | 13 |
| Конец ознакомительного фрагмента. | 15 |

# Синмог1а

## Таймасха. 1832 шо

Боьдуш бу тIом-саьрмак боларца шен.
Кадели мостагIан Бийболат вен.

Йуха а баьччанаш – ша шена хIора.
Мехкан да дIавели, гIелдели гIора.

МостагI шен тохараш чагIдан а вуьйли.
Йуха а тем боцуш цIий Iена дуьйли.

Ткъа мохк ма буьсур бац да воцуш вала.
Теша нах, ларбийр бу Везачу Дала.

Йуха а тIекхечи бохамийн мур.
Чуьйр-Эвла тIедеъна мостагIийн сур.

Йагийна, йохийна йуха а йурт.
Йуха а Орган тIехь – эрчаллин сурт.

Гермчига, мостагIех турпала летта,
Чов хилла ма йуьйжи, чаччамаш кхетта.

Iалхан-юрт йохийна, Гих-ара бевли.
Котар-Юрт, кIотараш йагийна йевли.

Сатосуш ГихтIана тIекхечи сур.
Делира хIуо дегош курпалийн дур.

– ХIун хилла? Мичахь бу? – маьхьарий дуьйлу.
Божарийн куьйгаша герзан мукъ къуьйлу.

Ткъа мостагI, шаьлтанах шен ларйеш ворта,
Дагахь вац йуьртана гергахьа гIорта.

Инарла лууш вац салтийн цIий Iанадан.
Iалашо йу цуьнан йуьртана таIзар дан.

Лууш вац латарехь доьналла зен.
Атта ду, омра деш, четарахь Iен.

Латарехь толарх ша тешна а вац.
Йаккхийчу тоьпашна дан хIума дац.

Генара чуйетташ, йурт цара оту.
Йуьртахойн дегнаш чохь оьгIазло гIотту.

Собаре кхайкхарах кхехка дог Iац.
Ткъа дуьхьал дIатоха йоккха топ йац.

Къаноша сацам би: «Йурт йита йеза.
Девр дац вай цкъачунна къурд бина Iеза.

Сонталла йу эрна хIаллакбар нах.
ШарIо а, шаьш цIерга ма кхийса, бах.

ГIийланиг веза вай кIелхьараваккха.
Вешан чIир оьцур йу гаурех тIаккха.

Дуьтур дац бекхамза зулам вай цкъа а.
Валаза виснариг ца вуьтуш цхьа а

Гихаца аьрцнашка довлалаш, нах».
Йуьртарчу цIеношха дийна дац ах.

Тарбели цкъачунна тоьланаш йаьхна.
Духур дац хиларах хало лан хьаьхна.

Таллархой ижуна аьрцнашка бевли.
Ха хIоттош, туьпан го сарале къевли.

Дерриге хетало цхьа ирча гIан.
Цу дийннахь, хилале маьркIажан хан,

Кхеташо гулйели, дан дезарг дийца.
Кхеташ ду, муьлхха а некъ хир бу цIийца.

– Йихкина массо а дархочун чов.
ХIинца вай дуьйцур ду дан деза дов.

Йиш йац уьш бахийта, ца оьцуш чIир.
Йерзор вай белхаре гаурийн йир.

Кечлойла кегийраш пхьуьйрале кхана.
Уллалца хIорангахь хуьлийла чIана.

Буьйсанна ара шу дезар ду довла,
МостагIий кхиале Соьлжеха бовла.

Бахамаш талийна, дагийна кхаш,
Шайн ницкъах бIобулуш, малдина хаш

БогIура мостагIий самукъне, майра.
Йуьртахь шаьш хIоттийнарг дегнашна тайра.

Розенан эскарехь – итт эзар цхьамза.
Эзаршца къийсар ду бIеннашна чаьмза.

Ткъа дукха-м ца хьийги толаман зовкх.
ЧIирхой тIекхачарца дIайели шовкъ.

Хууш, цу эскарца шаьш ларор доций,
Буьйсанна кайетташ, кIелонаш лоций,

ЧIир йийкхи гиххоша байъинчийн шайн,
ДогIуш ма-хиллара ламастехь дайн.

Цхьа къона йуьртахо массарна тайра.
МостагIех летара оьгIазе, майра.

ЙоI санна, хаза ву, чалдера цуьнца,
Каде ву, говза ву шаьлтанца-туьрца.

Ткъа латар дирзича волура гена.
Вовшашка хоьттура, мила ву, хьенан.

Иэхье и леларах тамаша бора.
Ткъа кестта йелира и къайле Iора.

Кхеташо гулйира, динариг лийса.
Жигара бевлира дан дезарг къийса.

ХIораммо шен хьежам, лаам а кхайкхий.
Тхьамдано йуьстахара къоначе кхайкхи:

– Дийцал-ткъа, жима къонах, хетариг хьайна.
Массеран ойла йу ладаме вайна.

Масазза тIом би вай? И жамIе дилла.
Къоначо жоп дели: – Кхо латар хилла.

– Ткъа дукха дуй иза? Хьо муха кхета?
– Пайдане диллича, сов дукха хета.

– Дукха и хIунда ду? Кхетабе нах.
Стенца ахь хадабо гIуллакхан мах?

– Талламца, кечамца цхьа тохар деш
Далун дерг дира вай тIом кхуза беш.

БIо кхолла безара, гуттар а кийча.
Стом хилац, шен хеннахь синтар ца дийча.

Йуьртана гуттара ха латто деза.

ГІуркх боьхкуш ца хилахь, хаьрцар йу леза.

МостагІна хаддаза терго йан йеза.
И гІуллакх кхочушдан иччархой беза.

– Кхетаме къамел ду кху кІанта дийриг, –
– Вистхили тхьамдалла тІелаьцна Іийриг.

– Майралла, доьналла эшац вай дийца.
Иза а гайтина цо тІамехь цІийца.

Къамелан чаккхене вай хІинца кхаьчча.
БІегІийла дарий-те и харжар баьчча?

– Реза ду, – дІадерзий куьг куьйгах тоьхна.
«КІентан» йуьхь цІиййели, хьаьвзина воьхна:

– Йиш йац-те, йуьртахой, кхин сацам бан?
Амал дац тІеэца баьччалла сан.

– Йуьртан кхел тІеэцар декхар ду хьан.
Эшац кхин и гІуллакх дийцаре дан.

– Кхин дан сан дац хІума... – Къевлина буй,
Коьртара баьккхира кхакханан куй.

Белшаш тІе йуьйжира ши кІажар Іаьржа.
Цу сохьта лохха «гІугІ» майданахь даьржа.

– Таймасха йу сан цІе. Бехке ма дилла.
Баьччалла хьакъ долуш хир ву шух милла.

Да-нана дийна сан, везар а вийна.
Гергара цхьа а вац кхин висна дийна.

Дисна дац кхин хІума самукъадала.
ЧІир эца кадаьккхи Сийлахьчу Дала.

Со бІахойн могІарехь йитар ас доьху.
ХІумма а дахарехь кхин сов ца лоьху.

– ТІаккха, нах, хІун эр аш кху хьокъехь хІин-
ца?
ХІун дича бакъхьа ду Іадатца, динца?

– Мах цуьнан хадий вай йовзале хьалха.
Ткъа хІинца хІетте а йуьтур йац цхьалха.

Жоьпашкахь массо а къонахел тоьлла.

ТIамах а, цIарах а и цаьрца йоьлла.

Хьакъ йу и бIахошна куьйгалла дан.
Оьшуш дац сацам кхин бийцаре бан.

Цу дийнахь къегина Таймасхинседа
Итт шарна хьаьхнера махкана сега.

# Суьйр-Корт. Чиллан-бутт. 1807 шо

ТкъоьсналгIчу бIешеран йуьхь йара тийна.
Моьттура, даьлла къам дахаро зийна.

Ткъа лаьцнарг хиллера саьрмакан дуьхь.
Уггаре къизачех бIешеран йуьхь.

Кост кхечи, инарла Булгак ву бохуш
Итт эзар цхьамзанца Нохчийчу вогIуш.

Кхайкхам би, къонахий дIакхойкхуш гIоьнна.
Хан-Кхаьллахь гуллуш бу нохчийн бIо денна.

ЧIагIйина ханнашца Шин-Суьйран йукъ.
Иччархой хевшина, дIалаьцна дукъ.

БогIуш бу мостагIий, бIобулуш шайх.
Чам кхетта, шайн дагахь, хиндолчу цIайх.

Баьччано хьалхахьа дIауьйхьи тур.
Iадийна хьун дели мажарийн дур.

Таьллашна йуккъера ткъесан цIе сега.
ДогIанах даш Iенаш, мостагIий оьгу.

– Ма бита гIовтта уьш! ТIетоха шолгIа!
Ца оьшу йовсаршна кхоадан молха!

Узарш а, маьхьарий... Сакхдаьлла хIуо.
ЦIийделла хIинцале гондIахьа луо.

Цхьаъ воьжча, цу метте кхин шиъ дIахIутту.
Тоьпаша йохийна зIе цара хутту.

– ХIан-хIани, же, даха баттара тарраш!
Кегдер вай шайн ницкъах тешначийн карраш!

– Гора-йаI! Тохалаш!.. – ТIом кхехкабели.
Шаьлтанийн хелхарехь тоьпийн дур хели.

Дарзала, тIапа а куйнаш ду ийна.
Луо а ду Iаржделла, когаша хьийна.

Борз-нанас жех санна, шен кIезий Iамош,
Катоьхна йухабевли, дера дог Iабош.

Стигланаш къевкъина, латтанаш дийги.

Нахана кегдина дитташ тIеийги.

Уьш йаккхий тоьпаш йу, цIе Ietто йоьлла.
ЧIагIонаш латтайар халонга даьлла.

Дошлой а гIаш бехи, дан дагахь хIилла,
Карийна гIашсалтий, гIорасиз хилла.

ГIашбевлла гусараш нохчашна ги.
ХIиллана дуьхьала хIилла а ди.

ТIехьашха тIелетта лаьттаче ковраш
ЦIаьххьанчу тохарца дIайиги говраш.

МостагIчун цхьа чIагIо лаца кайели.
Вукхухьа пхи бIе говрех а вели.

Йуха а йоккха топ цIе Iетто йолуш,
Тоьпийн дур дIатийча, таррийн зов долуш,

Итт сахьтехь лийтира, ца кхоош са.
Дахар шайн диллина лардарна цIа.

Лардархойх хIоранна уьш иттех кхочу.
Йаккхийчу тоьпаша чIагIонаш оту.

Са ма-дду летахь а, эххар ницкъ хели.
Бухабовла дезаче гIуллакх а дели.

Ткъа толам белахь а мостагIчун хилла,
Эзар уьш висира цу чIожехь Iилла.

АтагIа кхечира, сацо ницкъ боцуш.
Ткъа цигахь дуьхьало хилира кхочуш.

Хаддазчу тохарша малдина са.
ГIелбелла мостагIий бахара дIа.

ХIун лоьху, йистйоцу шен мохк а битина,
Кху лаьмнийн тархашка далочо питана?

Латта и веъна-те ца тоьаш ваха?
Ткъа иза-м цуьнан ду, да воцуш аха.

Веъна-те мацалло хьовзийна гатте?
Ткъа цуьнан йалта ду, ца тарлуш хьаьтте.

Веъна-те кхерамо маьлхан нур кхолийна?
Ткъа цуьнан эскар ду, тIом шинхьа болийна.

ХIан-хIа, и валийна мацалло син.
Лелац и дан гIерташ дахар а цIин.

Саьхьарчу даго и гIаттийна лела.
Бац цуьнца къинхетам. Вац даг чохь Дела.

# Барзо биъна дуй(Халкъан дийцар)

Дахаран шатайпа куьзга ду туьйра.
ХIоранна ша гайта, когаш а Iуьйра.
Цацанах чекхйоху цо нехан амалаш,
Схьагойтуш, йисина хIора а жуьйра.

Борз йеъна, бохура, жаIуьнна тIе,
Iаш волчу мартанна латийна цIе.
– Хьо лаа лелий-те? – хьаттира жаIуьно,
Цецваьлла, тIейарна ца тухуш пе.

– Ижуна толлучохь ирзошкахь аьхна,
Ког бойна йиси со, мацалла хьаьхна.
Чов йерззалц кхачанна цхьа аьтто оьшура.
Мацалла ца йевзаш хир вац хьо ваьхна.

Набаран тарца хьо Iехийча батто,
Боданехь катоха болушшехь аьтто,
Хьан пурба доьху ас. Мадарна кIеззиг,
Цхьа цIинто лой а, сан аййехьа гатто.

Бакъо йац, элира жаIуьно, шен,
Бахьийта пурбанза дегара жен.
И хатта ваха а аьтто бац хIинца.
Цхьа а вац же хьожуш, схьаваллалц, Iен.

– Саготта ма хила, ладогIа соь.
Со Iийр йу жа лардеш, ладоьгIуш хьоь.
Берзан дош ду хьуна, гIой вола, сапаргIат,
Дойтур дац цхьанна а уьстагIан доь.

ХIусамда карийра, дайъина кой,
Баьрче а ваьлла Iаш, хIоттийна той.
Генара хьеший бу цу шуьнехь гулбелла.
Гоьзанахь – шелдала кхианза дой.

Ша деънарг дийцира жаIуьно эле:
– СагIа а хир дара. Хир даре меле.
Ткъа эла оьгIазе аз айъа вуьйлира:
– СагIа-ма къобалдар доьхур вай Деле.

Хьаннах ахь тешийна дитина жа?
Барзо ма тухур йу сихонца ка.
ЖаIуьно элира, ша тешна ву цунах.
Дош цо шен лардаре дуьллу ша са.

Дуй биъна цу барзо, хьо хатта гIахь,

Жа ша хьан лардийр ду, дош лардахь ахь.
Хьешана неI йуьтуш, ша баьрче ва хиъна
ХIусамда хуьлда шех, тешнабехк бахь.

Кхохкийра, мIаьргонна, цкъа элан йуьхь.
Веларца элира: – Сан кIаййеш йуьхь,
Хьехар ди цу барзо ларамза суна а.
ДIахийци ас хIинца куралин дуьхь.

Тоьлла ка хьанал би ас цунна, ала.
Ма хуьлда кхин цунна мацаллин бала. –
Ша вухавирзина, шуьн дуьхе хиира,
Хьешан хьакъ дIаделла, шуьн коьрте вала.

ГIотане вирзича Iу, бахьаш кхаъ,
Галбаьлла бацара уьстагIех цхьаъ.
Тоьлланиг ка лаца пурба ду, элира.
Ткъа барзо лецира даьллариг даI.

Шен ижу такхийна борз йуьстахйели.
ЖаIуьно, цу суьртах цецваьлла, эли:
– Тоьлла ка муха бу, дицделла барзана.
Хиллачу чевнна тIе, хьекъал а хели.

Борз йелакъежира: – Ларве хьо Дала!
Йиш йац сан, гIелйаларх, дакъазайала.
ГIиллакхна гIиллакхца жоп дала ца хиъча,
«Акхаройн эла» сох хир дарий ала?

# Конец ознакомительного фрагмента.

Текст предоставлен ООО «Литрес».

Прочитайте эту книгу целиком, купив полную легальную версию на Литрес.

Безопасно оплатить книгу можно банковской картой Visa, MasterCard, Maestro, со счета мобильного телефона, с платежного терминала, в салоне МТС или Связной, через PayPal, WebMoney, Яндекс.Деньги, QIWI Кошелек, бонусными картами или другим удобным Вам способом.